

5 Bagay Ou Ta Dwe Konnen Sou Diskriminasyon akòz Orijin Nasyonal nan Travay

- 1 Nan New Jersey, li ilegal pou fè diskriminasyon ak asèlman akòz peyi orijin nan travay.** Lwa New Jersey Kont Diskriminasyon an (LAD) pwoteje w kont diskriminasyon akòz peyi orijin ak asèlman akòz peyi orijin nan travay de kòlèg travay yo, sipèvizè, ak patwon yo, menm si ou se yon refijye, yon imigran, oswa ou pa yon sitwayen Etazini. Sa gen ladan tretman ki enjis selon etinisite, peyi nesans, kilti, oswa lang reyèl oswa etinisite, peyi nesans, kilti, oswa lang yo panse ou genyen yo.
- 2 Anplwayè ou an jeneralman pa dwe pran desizyon ki konsène travay la akòz peyi orijin ou.** Anplwayè yo pa ka pran desizyon konsènan travay la (tankou anboche, revoke, ak peye) selon peyi orijin ou. Pa egzanp, anplwayè ou an pa ka revoke w paske w te fèt nan peyi Meksik oswa peye w mwens paske ou pa yon sitwayen Etazini. Anplwayè yo kapab verifye elijiblite anplwaye yo fèk rekrite yo pou travay la selon pwosesis Federal Fòmilè I-9 a.
- 3 Aksan w pa ka anpeche w reyisi nan travay.** Anplwayè yo pa ka refize w yon pozisyon akòz aksan w, si ou ka kominike an Anglè yon fason ki apwopriye pou travay la, menm si kominikasyon w an Anglè se yon fonksyon esansyèl pou travay la. Pa egzanp, li ilegal pou anplwayè ou an refize ba w pwomosyon paske ou genyen yon aksan Kreyòl Ayisyen epi anplwayè ou an vle w "pale plis tankou yon Ameriken"
- 4 Lòt moun pa ka asele w travay la akòz peyi orijin ou.** Lè yon kliyan oswa lòt anplwaye fè asèlman akòz peyi orijin ou epi sa entèfere ak kapasite w pou fè travay ou an, anplwayè ou an dwe rezoud pwoblèm asèlman an si li konnen sa oswa si li te dwe konnen sa. Asèlman ka gen ladan itilizasyon ensilt oswa kòmantè denigran oswa devalorizan sou peyin orijin ou.
- 5 Anplwayè yo pa kapab itilize politik oswa règleman net pou fè diskriminasyon.** Yo entèdi politik ak règleman net travay ki afekte moun ki gen peyi orijin yon fason ki plis sevè pase yon lòt, sof si li nesèsè pou sèvi yon gwo enterè, yon enterè legal, oswa enterè non-diskriminatwa. Pa egzanp, yon kondisyon metriz Anglè ki pa nesèsè pou yon anplwaye reyalize obligasyon travay li yon fason ki efikas pa ka fè afekte anplwaye a yon fason inegal selon peyi orijin li epi sa vyole LAD a{.1}

Pèsòn pa ka fè zak reprezay kont ou paske w te deklare vyolasyon LAD yo, paske w te fè yon plent pou diskriminasyon, oswa paske w te egzèsè lòt dwa selon LAD a.

Pou konnen plis, oswa pou depoze yon plent, ale sou NJCivilRights.gov oswa rele 1-833-NJDCR4U (1-833-653-2748). DCR aplike LAD a, ki pwoteje tout moun kont diskriminasyon nan New Jersey san konsidere sityasyon imigrasyon yo. Pou aprann plis, klike sou [isit la](#).

Pou konnen plis oswa pou depoze yon plent, ale sou NJCivilRights.gov oswa rele **1.833.NJDCR4U**



Biwo Avoka Jeneral NJ

NJCivilRights.gov



@CivilRightsNJ #CivilRightsNJ #StandUpAgainstHate

